Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИ-
ЗЕ БАЙБИХЬАНА
1933 СОНАЛЪУЛ
15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 17 (9812) /6 май 2019 с. / итни 1 Рамазан 1440 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

1941 1945

## К1удияб Бергьенлъиялъе – 74 сон!

1941 1945

## С Днем Победы!

Этот день был мечтой миллионов наших людей, надеждой, которой жили и ради которой умирали. И вот уже много лет мы вновь и вновь празднуем День Победы. Хочется пожелать мирной, счастливой, долгой жизни, добра, процветания и патриотизма, достойного памяти наших победивших соотечественников!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов*

## Уважаемые казбековцы!

С Днем Победы! Пусть небо будет ясным и чистым. Счастья, мира, благополучия! Пусть подрастающее поколение никогда не узнает войны. Пусть наши отцы, мужья и сыновья никогда не возьмут в руки оружие. Спасибо нашим дедам за то, что мы живем в прекрасной и мирной стране!

*Депутат НС РД М.-п. (К.-п.)Д.Умаханов*




С Днем Победы! Пусть ваши сердца гордятся подвигами дедушек и бабушек, пусть память не стирает великие события тяжелого пути к Победе! Желаю жить под мирным небом, ценить время и счастье каждого дня, беречь Родину. С праздником, друзья!

*Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г.Махачев*

## Х1урматиял районцоял, рагъул ва зах1маталъул ветеранал!

Рак1-рак1алъ баркула нужеда К1удияб Бергьенлъиялъул байрам – 9-аб. Май. Нилъеца дандч1вай гьабулеб буго иргадулаб Бергьенлъиялъул къогун. Бергьенлъи босараб сон рик1к1алъулеб бук1аниги, гьелъул к1вар киданиги дагьлъизе гьеч1о. Къойидаса къойиде дагьлъулел руго «Бергьенлъи босаралъухъ нужее баркала», - ян абизесел г1адамал. Нилъеда т1адаб буго г1олеб г1елалъухъе, нилъехъе щвараб г1адин, доб заманалъул х1акъикъат кьезе.

Кьеги нуж киназего щулияб сахлъи, рохел, талих1, бихьугеги киданиги нилъер наслабазда рагъул кьог1лъи.

*Ригь аразул Советалъул председатель М.Г1.Чупалаев*
*Рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1.М-х1абибов*
*Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1.А.Адимирзаев*

*М-бег АБУЛАЕВ, Гуни росу.*

## Баркула 9-аб Май

Т1аде щолеб бугеб 9-леб Май,
Т1оцебе баркула, салам кьун, дица
«Чапар» газеталъул коллективалда,
Г1емерал сонаца цадахъ х1алт1арал.

Къимат т1ок1аб байрам баркула хадуб,
Хириял рокьулел росуцоязда,
Г1емер миллатазул районцоязда,
Дагъистаниязда, россияназда.

Гьарула нужее къойилго дица
Щулияб сахлъиги рохел- талих1ги
Щибаб рогьалида баккулеб бакъги,
Бакъуе кенч1олеб роц1ц1араб зобги.

Т1ок1алъ киданиги гьаб ракьалда т1ад
Инсаниялда рагъ бихьугеги.
Зурмил – къолол гуреб бат1ияб гьаракь
Нилъеда раг1ине хъван батугеги.

## ГТОялъул хасалилаб этап ахиралде щвеялда хурхун,..




25 апрелалда Дилим росдал гимназиялда т1обит1ана, ГТОялъул хасалилаб этап ахиралде щвеялда хурхараб, районалъул этап. Гьеб хурхинабун бук1ана К1удияб Бергьенлъиялъе 74 сон т1убаялда.

Районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаевас ва муниципалитеталъул х1алт1ухъабаз к1удияб к1вар кьолеб буго районалда спорт цебет1езабиялде ва гьелъулъе г1олеб г1елгун ч1ах1иял ц1аялде, къокъгьабун абуни, гьел, к1вах1тун, х1алт1улел руго **«Спорт – инсанасул сахлъи»**,-ян аби г1умруялде бахъинабиялда т1ад.

Гьеб къоялъги, ГТОялъул нормативал кьей мурадалда, тадбиралъулъ г1ахьаллъана районалъул учреждениябазулгун организациябазул х1алт1ухъаби. 300-ялде г1агарун чи г1ахьаллъараб гьеб тадбиралда кьезе кколаан ч1аралъусан к1анц1иялъул, къокъабгун халатаб манзилазда рекериялъул, г1ужде кьвагьдеялъул ва цогидалги спорталъул тайпабазул нормативал.(11) Гьай – гьай, нормативал киназего цогояллъун рук1инч1о, г1ахьалчаг1азе рес бук1ана, жидер г1умрудул соназде балагьун, гьел т1аса рищизе.

МФЦялъул коллективалъ (нухмалъулей Раисат Х1айбулаева) жигараб г1ахьаллъи гьабула гьединал тадбиразулъ ва гьелъ гьенир рихьизаруна лъик1ал х1асилал.

Нормативал т1ураялъул х1асилал рит1изе руго тестированиялъул регионалияб Централде.

**И. БУЛАТХАНОВ.**

## РацIцIалъи чIезаби мурадалда...



«Чапар» газеталда (№15, 22.04.2019с., 1-аб. гьум.) хъван букIана, «БацIцIадаб росу - бацIцIадаб Дагъистан» ахIиялда гъоркь, 12-14 апрелалда нилъер районалда субботник тIобитIиялъул хIакъалъулъ. Районалъе нухмалъулез апрель моцI лъазабун букIана субботникал тIоритIизе рукIиналъул моцIлъун ва нилъер гIадамаз гIезегIанго хIалтIи гьабуна рацIцIалъи чIезабиялда, гъутIби чIеялда, гьел хъахIгьариялда, минабазда, гIадамаз пайда босулел ва гь.ц. бакIазда тIад ремонтал гьариялда.

27 апрель букIана роцIараб ва хинаб. Гьелдаса пайдаги босун, нилъер районалъул гIадамал рахъана иргадулаб субботникалде. Росабазул жамагIатал,батIи-батIиял гIуцIабазул хIалтIухъаби, цIалдохъаби гIахьаллъараб субботник тIобитIиялъ тIубанго хисизабуна росабазул ва гьел тун къватIисел бакIазул гьумер. Рищни-къул бакIарулезул, минаби, гъутIби хъахIгьарулезул, лажбар бахунезул ва цогидал хIалтIаби гьарулезул къокъабаз ккурал къватIал, гIурдаллъаби релълъунел рукIана гIурччинаб тIансаялда ругел расеназда. **«ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIуна»,**- ян аби буго умумузул ва гьеб ритIухъаб букIин нилъер гIадамаз гьеб къоялъ бихьизабуна. ГIуцIиялда субботник тIобитIиялъе кквербакъана гьениб хIажалъулеб инвентарь, инструментал ва цогидаб чIезабиялъги.

*С. СУЛТАНМУХIАМАДОВА.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# КIудияб Бергьенлъиялъе – 74 сон!

1941 1945

## Ват1аналъе г1оло, халкъалъе г1оло



Х1асбула Х1асанов, Дилим



Мух1амад Харсмух1амадов, Алмахъ



Г1абдурах1ман Мух1амадов, Ленинаул

Ват1аналъе г1оло,
халкъалъе г1оло,
Г1умру кьун, рагъарал,
дир районцоял,
Ракълилаб гьаб дунял
бихьизе г1оло,
Ц1адулъ лъадарарал
нижер бах1арзал.

Рагъул гъугъай къот1ун
сонал аниги,
Лъала, х1алхьи гьеч1о
нужер рак1азе.
Зах1матал дол нухал
нахъа таниги,
Толаро х1алада
рак1алдещвеяз.

Нужер зах1маталъе,
къо х1ехьеялъе,
Ниж налъулал руго
нужее даим.
Зани, хоб щвеч1езе
къулула бет1ер,
Къадру т1адег1анал,
рагъул бах1арзал.

*Наида РАСУЛОВА, Алмахъ росу.*

## Бергьенлъиялъул Парадалъул гIахьалчи



**МухIамад ГIабдулаев** гьавуна 1912 соналъ Гертма росулъ. 1931-1932 соназ хIалтIана ликбезалда (ликвидация безграмотности) мугIалимлъун. 1933 соналъ гьев ана Буйнахъскиялъул педучилищеялде. 1934-1936 соназ рагъулаб хъулухъ гьабуна БагIараб Армиялда. 1936-1941 соназ МухIамад хIалтIана гIагараб росдал школалъе нухмалъулевлъун ва цадахъго мугIалимлъун.

Фашистазул Германия тIаде кIанцIараб 1941 соналъ гьев ахIана рагъухъабазул мухъилъе. Мух1амад тIоцеве гIахьаллъана Москваялъул областалда бугеб Кашира шагьар тушманасдаса эркен гьабулеб рагъулъ. Гьединго, МухIамад вукIана Белоруссия ва Польша эркен гьариялъул рагъазул гIахьалчилъунги. Гьесие рагъ лъугIана Кенигсберг шагьаралда (гьанжесеб Калининград).

Гьесул бетIерлъиялда рукIарал гIарадачагIаз, Кенигсбергалде бачIунеб маххул нухдасан поездал риччангутIи мурадалда, лъабго сордо-къоялъ нахъчIвала немцазул гьужумал. Гьеб рагъда гьез гъурула, 200-ялде гIагарун, немцазул офицерзабигун рагъухъаби бухIула лъабго танк,цо чанго самоходка ва цогидабги техника. Гьединго, МухIамад вукIана хIинкъи лъаларев разведчикги. Тушманасул хIакъалъулъ баянал хIажалъани,аслияб къагIидаялда гьениве витIулаан М. ГIабдулаев.

1945 соналъул марталда гьесул бетIерлъиялда разведкаялде араб къокъаялъ рачIарал баяназ командованиялъе рес кьуна тIубараб корпус гьужумалъ иналъе ва гьеб гьунаралъухъ гьев кIодо гьавуна **«БагIараб Байрахъ»** орденалдалъун.

1941-1945 соназ рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ,МухIамадие кьуна ***«БагIараб Байрахъ»***, кIиго **«БагIараб цIва»** орденал, анкьго Баркалаялъул кагътал (И.В. Сталинил) ва 12 медаль. МухIамад гIахьаллъана 1945 соналъул 24 июналда Москваялда тIобитIараб Бергьенлъиялъул Парадалда. Цо гьелъ бихьизабула кин гьев рагъулъ гIахьаллъаравали (Рагъулъ тIокIлъи бихьизабурал гурони, парадалда гIахьаллъизе ритIулароан). МухIамад гIагараб росулъе тIадвуссана 1945 соналъул ноябралда.

1943 соналъ коммунистазул партиялъул мухъилъе лъугьарав МухIамад, тIадвуссун хадув хIалтIана росдал школалъул мугIалимлъун, директорлъун, Советалъул председательлъун, колхозалъул парторганизациялъул секретарьлъун. Кинаб хIалтIуде тIамуниги, МухIамадица гьеб гьабулаан ракIбацIцIад, гIадамаз гIайиб чIвалареб къагIидаялда. Рагъул ветеран, лъикIав инсан- МухIамад гIумруялдаса ватIалъана I983 соналъ.

*Г1абдурашид Г1АБДУРАХ1МАНОВ.*

## Очень на это надеюсь...

*Война – жестче нету слова.*
*Война – печальней нету слова.*
*Война – святее нету слова*
*В тоске и славе этих лет.*

**А.Т.Твардовский**

Лето 1992 года. Я сидела в зале ожидания вокзала, на руках сладко спал сыночек. Так как я сидела у входных дверей, мое внимание приковало миловидное лицо старушки, зашедшей в зал, взгляд у нее был какой-то нежный и ласковый. За ней зашли двое пожилых мужчин, как две капли воды, похожих друг на друга. Они сели недалеко от меня, и я невольно прислушавшись, поняла, что они члены одной семьи.

Через полчаса началась посадка. Я зашла в свой вагон и устроилась, а миловидная старушка устроилась рядом со мной. Братья ее стояли на платформе и что-то оживлённо говорили, а старушка нежно им улыбалась. Поезд тронулся. Старушка всю дорогу говорила. Она рассказала:

- Во время войны мы жили в Карелии. После войны судьба разбросала нас в разные стороны. Братья – близнецы, по воле судьбы, оказались в г. Буйнакск и всю жизнь служили в рядах Советской Армии. Теперь они офицеры в запасе. Когда она вспоминала годы войны, выражение лица у нее становилось серьезным, а голос тихим.

Ах, если бы ты знала, как хорошо мы жили до войны. Семья наша жила дружно. В семье росли два мальчика – близнеца. Родители радовались, мальчики росли славными ребятишками. Им было по 10 лет, когда до нашей глухой деревни долетела ужасная весть о войне. Отец ушел на фронт. Мы были хорошими помощниками для мамы, что даже соседи завидовали ей. Кругом шла война, до деревни доходили глухие гулы взрывов бомб и канонады пушек, иногда на небе появлялись самолеты. Люди жили в глубоком страхе, ведь в деревне остались одни женщины, старики и дети.

Наступила суровая зима. Люди не запаслись продуктами, очень боялись выезжать из деревни. Ближе к весне в нашей семье закончились дрова и маленький запас продуктов. Мои братья, тайком от мамы, ушли за дровами. Погода стояла солнечная, дул тихий ветерок. Где-то слышен был тревожный стук дятла. Они рассказали: «Мы шли медленно и искали сухие ветки. Нам было страшно. Где-то послышался шорох, это белка бежала по стволу сухого дерева. Мы любовались пушистым зверьком. Пролежав всю зиму в глубоком дупле дерева, белка вышла радоваться весне. Мы долго стояли, завороженные этим зрелищем и потом пошли дальше. Не успели мы войти в лес, как послышался какой-то шорох. Мы притаились и начали наблюдать из-за ствола старого, толстого дуба и увидели здоровую, черную фигуру человека. **«Фашист»** подумали мы. Что же делать? Долго думать не пришлось. Мы знали всего два слова по-немецки: **«Хенде Хох!».**

Мы подползли к фигуре и хором закричали «Хенде Хох!». Фашист резко поднял руки и бросил оружие. Мы закрутили его руки за спину, завязали веревкой, и тогда увидели тайник, где лежали большие мешки с продуктами. Загрузив мешки на сани, мы заставили немца тащить их в сторону деревни. Конечно, мать тревожно ждала нас, а соседи успокаивали ее. И вдруг, увидев нас с чужим «дядей», она расплакалась. Перебивая друг друга, мы рассказали, что произошло в лесу. Собралась вся деревня, все восхищались нашей храбростью. Немца отвезли в военный штаб, который расположился недалеко от деревни. Продукты мы раздали всем соседям и нуждающимся семьям, сиротам. Из штаба пришел солдат и сказал жителям, что оставаться в деревне опасно, так как скоро немцы займут деревню. «Уходите к партизанам!», - сказал он.

Вот почему, оказывается, появился фашист в лесу с огромными мешками продуктов. Люди быстро собрались и ушли ночью в лес к партизанам. Советские солдаты построили им землянки в глубоком тылу. А братьев – близнецов, за спасение жителей деревни от немцев и от голода, наградили орденами и приняли в ряды Советской Армии. Они стали сыновьями полка. День Победы, вместе с отцом и матерью, мои братья встретили в родной таежной деревне. Родители умерли в 60-х годах, а братья выучились и стали военными. Так нас судьба и разбросала.

Вот, доченька, я часто вспоминаю те военные годы. Кругом стояло людское горе, казалось, что оно давило всю землю. Сколько искалеченных жизней и поломанных судеб! Сколько погибло детей, сколько их осталось сиротами! Я молю Бога, чтобы никогда такое с нами не повторялось и очень на это надеюсь.

При этих воспоминаниях ее лицо было серьезным, но совершенно спокойным. Только тихий и дребезжащий голос выдавал ее душевное состояние. Послушав старуху, на душе стало тяжело.

***Зухра Наврузова,***
***учитель русского языка и литературы ЛСШ №1.***

# К1удияб Бергьенлъиялъе - 74 сон!

## Рагъухъан ва г1уц1арухъан

**Араб 74 соналда жаниб нилъер районалда г1ун бач1ана жидеца районалъул тарих гвангъизабурал г1емерал мухъилал х1алт1ухъаби ва партийниялгун маг1ишатиял г1уц1арухъаби. Гьезул ц1ик1к1арасел, нилъер Ват1аналде къо ккараб мехалъ, жидеего бокьун, г1арзабиги кьун, ана К1удияб Ват1анияб рагъде.**

Гьезул цоявлъун ккола 1912 соналъ гьит1инабго Ихха росулъ гьавурав Сайдулаев Зубайри Дациевич.

Зах1матал, т1абиг1иялгун рук1а-рахъиналъул шарт1азда г1урав Зубайрилъ гьит1инго бижана х1алт1удехун рокьи, киназулго адаб-хатир гьаби, ккаралъув х1алае вахъин ва рит1ухълъи ц1уни.

Инсуца лъимерлъудаго вит1ана Зубайри росдал г1алимасухъе Къуръан г1ажам хъвай-хъвай лъазаризе.

1937 соналъ Хасавюрт районалъул Аксай росдал гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, Зубайри ана Буйнахъск шагьаралъул учительзаби х1адуриялъул курсазде.Х1алт1ана - Ихха, Алмахъ ва Буртунай росабазул школазда.

1940-аб. соналъул январалда З.Сайдулаев ах1ана рагъулаб хъулухъалде. Рагъ байбихьараб къояз гьев т1амуна 10-аб. Югалъулаб фронталъул, 9-аб. армиялъул, 513-абилеб хасаб миномeтазул батальоналъул расчеталъул командирасул хъулухъалде. Зубайрица г1ахьаллъи гьабуна Харьковалда ккарал рагъазулъ, хадув гьев г1ахьаллъана Воронежалда ва Ворошиловградалда рук1арал рагъазулъги.

Жигараб г1ахьаллъи гьабуна З.Сайдулаевас Кавказалда ккарал рагъазулъги. Моздокалда г1агарлъухъ бихьизабураб бах1арчилъиялъе г1оло, 1942-аб. соналъул 25 октябралда, З.Сайдулаевасул каранда бана **«Баг1араб Ц1ва»** орден. Гьединал шапакъатал рагъул т1оцересел соназ къанаг1ат гурони кьолароан, гьел кьолаан бакъвак1арал, жидерго рух1алда баракщич1ого, рагъазулъ бах1арчилъи ва багьадурлъи бихьизабурал рагъухъабазе. Гьединавлъун кколаан Зубайриги.

Кьварарав ва рагъуе х1албихьи бугев гьит1инав командир х1исабалда, командованиялъ Сайдулаев вит1ана Краснодаралда бук1араб офицерал х1адурулел пулеметазулгун миномeтазул училищеялъул хехал курсазде.

Гьел курсал лъуг1ун хадув, лейтенант Сайдулаев т1амуна 312-аб. гьаваялде кьвагьулел г1арадабазул полкалъул батареялъул командирасул заместительлъун. 1943 соналъул февралалда гьеб полкалъ немцаздаса эркен гьабуна Ростов ва гьелда сверухъ ругел росаби.

Гьел рагъазулъ бихьизабураб бах1арчилъиялъе г1оло, Сайдулаев вихьизавуна **«Баг1араб Байрахъ»** орденалъе мустах1икъавлъун.



Ахирисел рагъулал соназ, к1удияв лейтенант, миномeтазул взводалъул командир Зубайрица г1ахьаллъи гьабуна Прибалтикаялъул х1укуматал немцазул фашистаздаса эркен гьариялъулъ. 1941 соналъул июлалдаса 1945 сонил 8 маялде щвезег1ан, Зубайри вук1ана фронталда, лъукъана чанго нухалда, мустах1икълъана г1емерал орденазе ва медалазе. Рагъдаса т1адвуссана 1945 соналъул декабралда.

Жиндирго г1агараб районалде т1адвуссун хадув, 3 соналъ гьев х1алт1ана Казбек РК ВКП(б) ялъул отделалъул заведующийлъун, хадув ц1ализе вит1ана Бакуялда бук1араб юристал х1адурулеб лъаг1алил курсазде, гьел лъуг1ун хадув, гьев лъабго соналъ х1алт1ана нилъер районалъул халкъияв судьялъун.

Анкьго соналъ З. Сайдулаевас нухмалъи гьабуна Ленинаул росдал исполкомалъе. Гьел сонал рук1ана жеги нилъер Ват1ан 1941- 1945 соназул рагъазул риха-хочиялдаса рук1алиде ккеч1ел сонал. Гьединлъидал, бак1алъул нухмалъулезда цере ч1ун рук1ана жидерго маг1ишатал ва росаби рук1алиде ккезариялъул зах1матал суалал.

К1удияб Ленинаул росдадаги цебе ч1ун бук1ана зах1матаб масъала - росу социалиябгун экономикияб рахъалъ рук1алиде ккезаби. Рагъул ахирисел соназ гьениб х1алт1улеб бук1ана фронталда умумул ч1варал, т1аг1арал ва улбул хварал, гьединго, ресалда гьеч1ел хьизабазул лъимал хьихьулеб к1удияб лъималазул рукъ, гьенир разе ккана школа, библиотека, фельдшерлъиялъул пункт, клуб, бачине кколаан росдае лъим, ч1езабизе кколаан канлъи.

Гьеб кинабго «къебелъи» т1аде ккана росдал Советалъул председатель Сайдулаев Зубайридеги колхозалъул председатель Саипов Мух1амадидеги.

1950-аб. соназ Сайдулаевас «Ахъташ» лъаралда бана лъел электростанция. К1удияб х1авузги бан, росдае бачана, электронасосазги кьабун, лъарахъа лъимги. Кинабго росдал г1адамазул рукъзабахъе ва къват1азде бачана электрическияб канлъи.

Росдал бет1ерлъун вук1араб заманалда г1емераб х1алт1и гьабуна Сайдулаевас Ленинаул росдада жанир нухал г1ат1идгьариялда, гьенибе чабах баялда, росулъ г1адлу-низам щулалъизабиялда ва росдал г1адамазул рук1а-рахъин лъик1лъизабиялда т1ад.

Хрущевазул реформабазул бихха-хочараб заман бук1аниги, Сайдулаевас к1вар буссинабуна хадубккунги колхозалъул экономика щулагьабиялде, колхозчаг1азул рук1а-рахъин лъик1лъизабиялде ва хайир кьолеб къаг1идаялда маг1ишат х1алт1изабиялде.

Гьел реформабазул х1асилалда, районалъул росдал маг1ишаталъул органги биххун, Ленинаул росулъ, **«Гьудуллъи»** колхозалъул базалда, г1уц1ана **«Гьудуллъи»** х1албихьиязул маг1ишат. Специалистазул цо къокъа бит1ана гьеб маг1ишаталде ва гьелъул бет1ерав зоотехниклъун тасдикъ гьавуна М-расул Мадаев.

Гьезда цебе лъураб масъала бук1ана гьеб колхоз районалъул маг1ишатазе ва мисалияблъун лъугьинаби. Гьелдаса хадуб, Зубайрица колхозниказул пикру буссинабуна маг1ишаталда, т1оцебесеб иргаялда, гьаризе ругел х1алт1абазде, лъик1ал хьонал г1езе гьариялде, г1и-боц1ул тайпа лъик1лъизабиялде, типовиял минаби раялде, г1и-боц1ухъанлъиялъулъ дандч1валел зах1матал х1алт1аби бигьалъиялъе техника х1алт1изабизе бук1иналде.

Зубайрица нухмалъи гьабулеб к1иго-лъабго соналда жаниб, колхоз лъугьана - социалиябгун экономическияб рахъалъ цебет1ураблъун, хайиралда х1алт1улеблъун ва колхозчаг1азул рук1а-рахъин лъик1аб рахъалде буссараблъун. Гьесул жигаралдалъун, заз-хъарахъалдаса рац1ц1ад гьаруна г1емерал ракьал (200га). Г1езаруна бат1и-бат1иял тайпабазул хьонал.

К1удияб хиса-баси ккана г1и-боц1ухъанлъиялдаги. Цебе лъураб аслияб масъалалъун бук1ана г1и-боц1ул тайпа лъик1лъизаби, гьелъ кьолеб продукция ц1ик1к1инаби ва г1и-боц1ухъанлъиялъул бут1а хайиралда х1алт1улеблъун лъугьинаби.

Т1оцебесеб иргаялда, гьел хиса-басиял гьаруна г1иял фермаялда. Дагьаб гурони пайда кьолареб г1и (гьан, квас ва гь.ц.) хисана ц1ияб тайпаялъ. З.Сайдулаевасул нухмалъиялда гьоркь, хисизабуна г1ачиязул тайпаги.

Гьес ц1ик1к1араб к1вар буссинабуна г1и-боц1ухъабазул кадраби х1адур гьариялде, гьел т1аса рищиялде, республикаялъул гьоркьохъел ва т1адег1анал ц1алул заведениябазде, колхозалъул харжалдалъун, колхозниказул лъимал ц1ализе рит1ана.

Гьес бет1ерлъи гьабулеб заманалда г1езег1анго щулалъана колхозалъул экономика ва колхозчаг1азул рук1а- рахъин. Колхозчаг1азе, зах1маткъоялда хадуб, щолаан 7-10 кг. т1оцалил, 1-1,5 гъурущ г1арцул ва цогидалги натуралиял мухъал.

Гьел хиса-басиял маг1ишаталда ккана - К1удияб Ват1анияб рагъул жигарав г1ахьалчи, рак1бац1ц1адав х1алт1ухъан ва бажари бугев нухмалъулев Зубайри Сайдулаевасул колхозчаг1аздехун ва росдал т1олабго жамаг1аталдехун бук1араб т1алаб-агъазалъулаб бербалагьиялъул х1асилалда.

*М.-Ш.Г1абдулашимов*

## Мухъилав рагъухъан

***Дилим росулъа рагъул гlахьалчи Гlумахан Гlалихановасул ракlалдащвеяздаса босараб.***

- Рагъул тlоцересел къоязго, дунгун цадахъ, военкоматалъ рагъде ритlана 6 чи. Рагъ унеб букlана Белоруссиялъулгун Украиналъул ракьазда. Ниж рукlана коменданталъулаб ротаялда. Дида цадахъ рукlарал ритlана цоги ротаялде. Нижер къотlи букlана цоцаздаса ратlалъунгутlизе, амма армиялда нилъее бокьараб къанагlатги кколаро. Нижгун хъулухъалда рукlана Юрт-гlавухъалъагун Ахъташ-гlавухъалъа гlадамалги.

Цадахъ хутlи мурадалда, дица хlиллацин ургъун букlана. Дун чlана дида гlурус мацl бичlчlунарин ва малъараб дица гlаксалда гьабулаан. Ротаялде вачlарав батальоналъул командирасе дир командирас бицун бугоан ккараб. Дун цогидаб ротаялде витlеян гьес гьарараб заманалда, ротаялъул командирас абула: **«Маймалакцин кlола бокьараб ишалде ругьун гьабизе, дуцаги гьев куцай», -ан. Гьелдаса хадуб ана цо моцl. Дунгун армиялде ритlаразул лъабгояв вачlана дихъе цо къоялъ. Гьезие бокьун бугоан армиялдаса лъутизе ва дица жидеего гьалмагълъи гьабизе. Гьез абуна: «Немцал гlезегlанго церехун ана. Пикру гьабураб заманалда гьез нилъер улка хехго кодобе босизе буго. Лъикlаб букlина нилъерго ракьалде тlадруссани»**, -ян. Дун гьезда разилъичlо ва дица лъутизе инкар гьабуна. Лъутулел гьел, мекъса ккун, рекlун руго Бакътlерхьун рахъалдехун унеб поездалда. Фронталда гlагарда букlараб цо шагьаралда гьел ккун руго. Гьенисан гьел ритlун руго штрафниказул ротаялде ва гьезул цонигиясул хlакъикъат дида лъазе кlвечlо.

1944 соналъул ахиралда нилъер рагъухъаби немцаздаса Польша эркен гьабулел рукlана. Цо къоялъ, букlалъан, дун дандчlвана цо заманалда цадахъ рукlарал - вацlгlал Девлетгерей Гlалихановгун ва Ахъташ-гlавухъалъа чачанавгун. Гьеб дандчlвеялда Девлетгерейица нижее бицана цо магlарулавгун дандчlваялъул хlакъалъулъ. Гьев вукlун вуго полкалъул комиссар, гьесда цlарги букlун буго Мухlамад Хlамзатов. Гьев ккола **«Дагъэнерго»** гlуцlиялъул гьанжесев Генералияв директор Хlамзатов Хlамзатил эмен. Гьединал лъугьа-бахьиналги чанги кколаан рагъда. Гьесго бицана нижеда цадахъ вукlарав Гlабдулгьапурил ккарабги. Рагъда дие щвана кlиго орденги медалалги. 1945 соналъ районалде тlадруссаразул мухъилъ рукlана дунги Девлетгерейги.

Цо чанго сон цебеккун, **«Дагестанская правда»** газеталда бахъараб макъала цlалун хадуб, Девлетгерейица Хlамзат валагьана ва гьезул вацlлъиялъулаб дандчlвай букlана. Гьел лъугьана лъикlал гьалбаллъун ва гьез лъималазе васият гьабуна гьоболлъи гьоркьоб къотlизе тогеян.

1996 соналъ Девлетгерей гlумруялдаса ватlалъана. Гlумру буго гlумру. Щивав чиясул буго жиндирго нух. Падан херлъула, хола ва уна абадияб рукъове. Гlумруялда жаниб бищун лъикlаблъун дида бихьана гlаданлъи цlуни, гlамал-хасият лъикlавлъун вукlине гlамал гьаби.

Квешаб хьвади-чlвади, гlамал-хасият бугез абула Аллагьас гьедин букlине хъван букlун бугин, амма гьел мекъал руго. Алллагьас инсанасе рес кьун буго лъикlал рахъаздехун хисизе. Щибаб къойилаб хlалтlи гlад гьабулеб бугони, гlамалалъулъ хисизабизе кlолареб щибниги гьечlо. Гlемерисеб иш буго нилъедаго бараб.

Аллагьас лъикlаб хъван батаги.

***Махlсудин Девлетмирзаев, Хасавюрт шагьар***

# 1941 1945 К1удияб Бергьенлъиялъе - 74 сон! 1941 1945

*Спорт - инсанасул сахлъи*

## Эркенаб гугари



23-24 апрелалда Дилим росулъ тIобитIана, МДЮС-Шялъе кьучI лъурав, СС-СРалъул спорталъул мастер, Халкъалдагъоркьосеб ГIали ГIалиевасул эркенаб гугариялъул турниралъул кIицIулго чемпион ва районалъул ополчениялъул гIуцIиялъул председатель М.М. ГIазаевасул призазе гIоло ,ТIолгороссиялъул эркенаб гугариялъул турнир.

Турниралда гIахьаллъана- Таджикистаналдаса, Чечняялдаса,Северияб Осетия -Аланиялдаса, Кабардино-Балкариялдаса, Ставрополалдаса ва Дагъистаналъул шагьараздасагун росабалъа 25 команда.

2002-2003соназ гьарурал г1олилал цере рахъана 48 кг. ва 55 кг., 2004-2006 соназ гьарурал -38 кг.,4I кг.,52 кг,62 кг.,68 кг., ва 75 кг. Судействоялъулаб коллегиялъул бетIерлъуда вукIана хIалбихьи бугев судья ХIамзат ГIабасов. Турнир рагьиялъул кIалъаялда Муса ГIазаевасул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна-районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас, РДялъул спорталъул министрасул заместитель ХIажимурад МухIамадовас ва цогидазги. РакIбацIцIад ва гIемерал соназ гьабураб хIалтIиялъухъ, Муса ГIазаев гьенив кIодо гьавуна Сали Сулейманил медалалдалъун ва райадминистрациялъул ХIурматалъул грамотаялдалъун.

Нилъер районалъул командаялда гьоркьор рукIарал – Шамиль Качалаевасе (48 кг., тренер А.У. Качалаев) щвана тIоцебесеб бакI, Адам ХIажимухIамадовасе ( 38 кг., тренер Х1.Пумаров), Памир Ибрагьимовасе (41 кг.,тренер А.З. ГIалиев), ГIали ГIабдулаевасе (52 кг., тренер А.У.Качалаев) ва Назир Шихуевасе (55 кг., тренер Г1. Пумаров-кIиабилел бакIал, Даниял Султанмирзаевасе (38 кг.,тренер А.З. ГIалиев), Муса Висалгереевасе (41 кг., тренер К.С.Давурбегов) ва Сайфула Атаевасе ( 68 кг.,тренер К.С. Давурбегов)- лъабабилел бакIал.

Командаялъулаб бергьенлъи босана нилъер районалъул командаялъ. КIиабилеб бакIалде бачIана Гъаякент районалъул команда ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Хасавюрт шагьаралъул команда.

Призалъулал бакIал росарал командабигун гугарухъаби гьенир кIодо гьаруна- кубоказдалъун, медалаздалъун, грамотабаздалъун, борцовкабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун.

## Нилъер команда - к1иабилеб







26-28 апрелалда Москваялда т1обит1ана Т1олгороссиялъул эркенаб гугариялъул турнир. 1941 соналъ Москваялда г1агарда бук1араб рагъуе 78 сон т1убаялда хурхинабураб гьеб турниралда г1ахьаллъана Россиялъул бат1и-бат1иял бак1аздаса 330 гугарухъан. Гьезда гьоркьор рук1ана М.М. Г1азаевасул спортшколалдаса г1олилалги.

Гьенир, жиде-жидер ц1айиялда, т1оцебесеб бак1алде рач1ана - Г1абдулг1азиз Г1абдулкъадиров, Муса Агиев ва Рашид Х1ажиев. К1иабилеб бак1 босана Т1айгиб Абакаровас ва лъабабилеб бак1алъе мустах1икълъана - Шамиль Ибрагьимов, Х1ажи Патах1ов, Рамазан Батыров, Сулайман Бибиев, Мух1амад Агиев ва Мух1амад Абакаров.

Гьезул тренерлъун ккола Россиялъул спорталъул мастер Имам Г1абдулпатах1ов. Рихьизарурал х1асилаз нилъер команда бачана к1иабилеб бак1алде.

Призалъулал бак1ал росаразе гьенир кьуна- кубокал, медалал ва грамотаби.

***Н. Г1АЛИУКЪАЕВ.***

## Волейбол



27 апрелалда Дубки поселокалда (7 аб. нухалда) тIобитIана, гIадатлъун лъугьараб, районазда гьоркьосеб волейбол хIаялъул турнир. Афгъанисталалъул рагъда накълулъарав Назирдин Салимханов ракIалде щвезавиялъул гьеб турнир тIобитIана **«Районалъул гIолилал терроризмалдегун наркотиказде данде»** ва **" КIудияб Бергьенлъиялъе - 74 сон»** абурал ах1иязда гъоркь.

Турнир рагьиялъулгун баркиялъул рагIабигун кIалъазе вахъана районалъул бетIерасул заместитель И.И.Шабазов. Гьес ва хадусан кIалъарал - Пайнудин Абакаровасгун Баймирза Баймирзаевас данделъаразе бицана спорт цебетIезабиялъе, бахIарзазул цIарал кIочене риччангутIиялъе, гьудул-гьалмагълъи щулалъизабиялъе гьединал тадбиразул бугеб кIвара лъул.

ТIоритIарал 10 хIаяздаса хадуб баянлъана тIоцебесеб бакIалде Дилим росдал командаялъ бачIараблъи, кIиабилеб бакI Буртунаялъул командаялъ босараблъи ва лъабабилеб бакIалъе Гертмаялъул команда мустахIикълъараблъи.

Гьединго, гьенир рихьизаруна бищунго лъикI хIаралги. Гьел ккола –АхIмад ГъалбацIов (Гертма), Ален Пузайриев (Дилим), Рамазан ГIалибеков (Ленинаул) ва Арсен БатагIалиев (Буртунай).

Призалъулал бакIал росарал командабазегун бищун лъикI хIаразе, районалъул Дубки поселокалъул администрациябазул ва Н.Салимхановасул гIага-божаразул рахъалдасан гьенир кьуна – кубокал, медалал, грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

***И.БУЛАТХАНОВ.***

*Инсан ва гIумру*

## Гъадиназ берцин гъабула гIумру



23 апрелалда Дилим росдал базаралъухъ бугеб нух рикьалида посталда букIана, полициялъул кIудияв сержант Идрисов Тимур Идрисовичасул нухмалъиялда, наряд.

Бихьаралда тIад ургъулев Тимурида ракIалъ бицана мажгиталде арав, ригьалда вугев цо бихьинчи гьениса вачIине кватIулев вукIин. Гьелда щаклъи ккун, гьев хехго мажгиталде ана ва гьенив каки чуриялъул рукъов, лъавудаса ун, гIодов ккун ватула гьев чи.

НахъбахъичIого унтарасе тIоцебесеб медицинаялъулаб кумекги гьабун, гьес ахIула хехаб кумекалъул хIалтIухъаби. Унтарав больницаялда лъавуде вачIана. Гьев вугоан Гуни росулъа Сайбула Темиркъаев.

«Чапар» газета гьоркьоб ккун, Сайбулал лъималаз, гIагарлъиялъ, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго Идрисовасе жидерго инсул гIумру хвасар гьабуралъухъ.

***И.ИДРИСОВ.***

Районалъе нухмалъулез, гьудул-гьалмагъзабаз зигара балеб буго Мухтар Чупалаевасда ва т1олабго г1агарлъиялда,- яц

**Узлипат**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан.

Цогояб информцентралъул х1алт1ухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Мухтар Чупалаевасда ва т1олабго г1агарлъиялда, -яц

**Узлипат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Алжан насиблъаги гьелъие.

**«Насих1ат»** газеталъул х1алт1ухъабаз зигара балеб буго Мухтар Чупалаевасда ва т1олабго г1агарлъиялда,-яц

**Узлипат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

*БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94 Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова Сапият Султанмух1амадова Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова. Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Заказ №236 Тираж 1430 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*

Сахаб, талихIаб гIумру нужее насиблъаги!